

**Nilai Sastra Sajrone Dongeng ing Rubrik
Wacan Bocah Kalawarti Panjebur Semangat Taun 2014**

Alviana Nirmalasari

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
(alpheenirmala@yahoo.com)

Abstrak

Dongeng ing rubrik wacan bocah minangka riptan sastra diriptakake dening pengarang sing luwih saka siji. Crita-crita kasebut nuduhake panguripane manungsa sing diserat lumantar tulisan, mligine ngenani nilai karya sastra sing bisa dadi pasinaonan kanggo pamaca kang remen karo karya sastra. Nitik saka andharan kasebut, isine dongeng-dongeng kasebut bisa narik kawigaten kanggo diteliti lan dianalisis.

Underane panliten ing sajrone panliten iki, yaiku (1) Kepriye unsur intrinsik dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014? (2) Kepriye nilai sastra kang ana sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014?. Tujuwan panliten iki, yaiku (1) Ngandharake unsur intrinsik dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014. (2) Ngandharake nilai sastra kang ana sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014. Mula, paedahe panliten iki, yaiku kanggo panulis, kanggo pamaca, lan kanggo panliti sastra.

Tintingan kapustakan kang digunakake kanggo nganalisis masalah yaiku tintingan struktur lan nilai sastra. Tintingan struktur digunakake kanggo njlentrehake unsur intrinsik mligine, tema, paraga, alur, lan latar sajrone dongeng kang gegayutan karo estetika sastra. Tintingan nilai sastra digunakake kanggo njlentrehake kaendahan kang kinandhut sajrone dongeng.

Kagiatan panliten iki nggunanake ancangan panliten dheskriptif kualitatif. Panliten iki njupuk sumber data saka kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014. Asil panliten iki nuduhake unsur intrinsik crita sajrone dongeng rubrik wacan bocah, mligine babagan tema, paraga, plot/alur lan latar.

Saka unsur intrinsik crita sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah nuduhake nilai sastra kang kinandhut sajrone crita. Nilai sastra kasebut yaiku ana loro, kang kapisan nilai personal digolongake dadi 5 jinis, yaiku (1) *perkembangan emosional*, (2) *perkembangan intelektual*, (3) *perkembangan imajinasi*, (4) *pertumbuhan rasa sosial*, lan (5) *pertumbuhan rasa etis dan religius*. Kang kapindho yaiku nilai pendhidhikan digolongake dadi 5 jinis, yaiku (1) *ekplorasi dan penemuan*, (2) *perkembangan bahasa*, (3) *pengembangan nilai keindahan* (4) *penanaman wawasan multikultural*, lan (5) *penanaman kabiasaan membaca*.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Manungsa kang urip ing jagad iki mesthi nduweni pamikir kanggo ngerteni babagan idhe lan gagasan. Idhe lan gagasan kasebut bisa kawedhar lumatar tulisan sajrone karya sastra, amarga idhe lan gagasan manungsa iku werna-werna, mula jinise karya sastra kuwi akeh banget. Wellek lan Warren (1995:109) njlentrehake sastra yaiku babagan kang ngrembug panguripan lan panguripan kasebut saperangan gedhe kawujud saka kasunyatan sosial, senadyan karya sastra iku uga diwawas minangka sawijine gejala sosial amarga sajrone karya sastra nyritakake urip sing nyata saka sakupenge panulis. Karya sastra minangka asil riptane manungsa saliyane bisa menehi panglipur uga ngandhut nilai-nilai. Nilai-nilai kasebut saliyane nilai sastra uga ana nilai-nilai ngenani piwulangan sajrone urip. Saka

karya sastra, pawongan bisa meruhi kahanan panguripane manungsa. Karya sastra uga nyritakake gegambarane urip manungsa saka lingkungane pangripta, mula karya sastra iku nduweni daya pangaribawa tumrap manungsa.

Sastra yaiku sawijine wujud asli lan asil saka seni kreatif kang objeke manungsa lan panguripane migunakake basa kang dadi medhiane (Semi, 1998:8). Tanpa anane manungsa karya sastra ora bisa kawujud amarga pangripta nulis saka pengalaman uripe manungsa, saengga bisa ngasilake karya sastra, mula diarani yen sastra kuwi gegambarane manungsa.

Miturut Hutomo (1975:16) sastra yaiku pangudale pikiran lan rasane manungsa sing apik kanthi cara lisan utawa tulis, kanthi nggunakake medhium basa kang endah miturut konteks. Saka sastra, pengarang uga bisa medharake rasa kaendahan nganggo basa tartamtu sing luwih gampang dingerteni dening pamaos.

Adhedhasar andharan saka para ahli mau sastra iku bisa kawujud saka imajinasine pangripta kang diasilake saka pamawas tumrap panguripan saben dina. Sajrone proses kanggo ngasilake karya sastra bisa menehi sawijine pamawas manawa sastra gegambaran saka panguripane manungsa.

Karya sastra kang diasilake pengarang bisa katujokake marang pamawas sapa wae lan uga ana kang mligi, upamane kanggo bocah. Sastra kang katujokake kanggo bocah-bocah lumrah diarani sastra anak.

Davis (sajrone Sarumpaet, 2010:2) ngandharake sastra anak kanthi cara teoritis yaiku sastra kang diwaca bocah “kanthi bimbingan lan arahan pawongan kang wis diwasa ing masyarakat, lan uga panulisane dilakokake dening pawongan diwasa”. Sastra anak ora mesthi nyritakake ngenani anak. Sastra anak uga bisa nyritakake ngenani apa wae kang ana gayutane karo panguripane manungsa, kewan, lan tetuwuhan. Sastra menehi kasenangan lan pamawas ngenani panguripan sabendina. Sastra miturut Lukens (sajrone Nurgiyantoro, 2005:3) nawarake rong babagan kang utama yaiku kasenangan lan pamawas kang awujud nilai-nilai.

Huck dkk (sajrone Nurgiyantoro, 2005:35-47) ngandharake nilai sastra kanthi cara garis besar bisa dibedakake dadi rong golongan, yaiku nilai pendhidhikan (*educational values*) lan nilai personal (*personal values*). Sajrone ngripta karya sastra, pangripta nduweni tujuan kang arep diwedharake marang pamaos. Tujuan-tujuan kasebut diwedharake lumantar nilai kang kinandhut ing sajrone karya sastra.

Nilai sastra kang ana ing karya sastra yaiku ana nilai pendhidhikan lan nilai personal. Jinise karya sastra maneka warna, kayata cerkak, cerbung, dongeng, guritan lan sapanunggalane. Ing kene bakal ngandharake ngenani karya sastra sing mligine yaiku dongeng. Dongeng ing jaman saiki wis akeh sing diterbitake dadi buku supaya dongeng tetep ngrembaka ing masyarakat, amarga wong tuwa ing jaman saiki wis arang banget ndongengake marang anake. Upaya nerbitake buku ing jaman saiki lumrah diarani budaya “literasi”.

Miturut Nurgiyantoro (2005:198) dongeng yaiku crita sing ora bener-bener prastawa lan sajrone dongeng akeh bab kang kerep ora kalebu nalar. Karya sastra kang arupa dongeng iki prastawa kang ora masuk akal ing panguripan manungsa. Critane akeh sing imajinatif kayata tokohe luwar biasa utawa goib, tokoh kewan sing bisa ngomong kaya dene manungsa, lan sapanunggalane.

Dongeng yaiku salah sawijine reriptan sastra kang digunakake kanggo panglipur kasedhihan lan uga ngandhut nilai-nilai kang bisa dadi tuladha sajrone urip saben dina. Dongeng nduweni jinis kang akeh, yaiku mite, legendha, fabel, sage, dongeng gegedhug (wiracarita). Senadyan dongeng iku jinise akeh, nanging

isi sajrone dongeng uga padha-padha nuduhake nilai-nilai kang luhur sing bisa digunakake tuladha tumrap bocah-bocah ing urip saben dina.

Sajrone panliten iki, panliti nggunakake dongeng kang arupa dongeng wacan bocah ing kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014. Dongeng-dongeng kasebut wis didongengake marang anak kawit jaman biyen tumekane jaman saiki. Dongeng bisa sumebar nganti tlatah liyane kanthi cara lisan, saengga saya suwe critane ngalami owah-owahan. Isine dongeng isih tetep dongeng kang prasaja, nrenyuhake ati, nyengsemake, lan ngandhut nilai sastra. Mligine panliten iki bakal ngrembug ngenani nilai sastra, amarga sajrone dongeng wacan bocah nduweni kaendahan ing saben crita, mula panliten iki bisa narik kawigaten kanggo diteliti.

Panliten iki nggunakake panliten kualitatif, amarga panliten iki ngandharake kanthi cara ilmiah tanpa nggunakake angka-angka, nanging nggunakake penghayatan lan penafsiran sajrone interaksi antarkonsep sing dikaji kanthi cara empiris. Mula tintingan kang digunakake ing panliten iki adhedhasar tintingan struktural kang disengkuyung kanthi pamawas hermeneutik. Saka pamawas ngenani strukture banjur diwawas nilai sastrane.

Miturut Teeuw (2003:102) hermeneutika yaiku ilmu utawa keahlian nginterpretasikake karya sastra lan ungkapan basa kanthi nggunakake arti kang luwih luwas miturut maksude. Adhedhasar pamawas saka para ahli kasebut bisa didudut yen hermeneutika yaiku metode sing digunakake kanggo mahami teks sastra, seni, agama utawa sejarah. Upaya kanggo mahami realitas lumantar basa utawa wujud kaendahan karya sastra.

Konsep hermeneutika miturut Sumaryono (sajrone Endraswara, 2003:42) upaya kanggo mahami makna sastra kang ana ing sawalike struktur karya sastra. Pamahaman makna, ora mligi saka simbol, nanging uga ndeleng sastra dadi tek.

1.2 Underane Panliten

- (1) Kepriye unsur intrinsik dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014 mligine babagan tema, paraga, alur, latar?
- (2) Apa wae nilai sastra kang kinandhut sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014?

1.3 Tujuan Panliten

- 1) Ngandharake unsur intrinsik dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014 mligine babagan tema, paraga, alur, latar.
- 2) Ngandharake nilai sastra kang kinandhut sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti *Panjebur Semangat* taun 2014.

1.4 Paedahe Panliten

Panliten iki dikarepake bisa menehi paedah, antarane yaiku:

- (1) Kanggo panulis, panliten iki bisa dadi sarana nyinaoni kajian nilai sastra ing karya sastra mligine dongeng, sarta bisa dadi wujud nyata pengetrapan lan kawruh sawetara ing bangku kuliyah.
- (2) Kanggo pamaca panliten iki dikarepake bisa dadi acuan mligine ngenani struktur lan estetika sastra ing karya sastra lan panguripan sabendina. Kajian iki bisa mbiyantu pamaca kanggo ngerteni lan nyinaoni nilai-nilai panguripan sing diwedharake kanthi cara tulis dening pangripta.
- (3) Kanggo panliti sastra, panliten iki bisa mbiyantu kanggo panliten sastra sabanjure supaya bisa menehi rangsangan tumrap panliten sastra kang luwih apik maneh, mligine ngenani nilai-nilai sastra sajrone dongeng utawa sastra anak umume.

1.5 Wewatesane Istilah

1) Dongeng

Dongeng yaiku reriptan sastra kang ngandhut piwulangan utawa pitutur tuladhan kang becik, lan bisa dadi pangeling-eling anane prastawa-prastawa dhek jaman biyene. (Hutomo, 1991:62)

2) Kalawarti Panjebar Semangat

Kalawarti Panjebar Semangat yaiku salah sawijine kalawarti basa Jawa sing ana ing Jawa Timur.

3) Nilai

Nilai yaiku sawijine prinsip kanggo nimbang becik lan alane samubarang (Pramono dkk, 2005:90). Samubarang bisa diarani nduweni nilai nalika samubarang kasebut nduweni sipat kang wigati, nduweni piguna, endah kang nyugihake batin, kang bisa nyadharake manungsa karo harkat lan martabate (Widyawati dkk, 2008:85).

4) Sastra

Sastra yaiku samubarang wujud lan kasil pakaryan seni kreatif sing objeke yaiku manungsa lan panguripane manungsa kanthi nggunakake basa minangka medhume (Semi, 1998:8)

5) Tintingan Struktural

Tintingan struktural minangka totalitas sing diwangun kanthi cara koherensif dening unsur pamangun liyane. (Nurgiyantoro, 2005:36)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan kapustakan mujudake tahap kang wigati sajrone panliten kang arep ditindakake. Sajrone tintingan kapustakan iki isine ngenani teori-teori kang digunakake minangka panunjang saka sawijine panliten. Bab-bab sing bakal diandharake kayata panliten sadurunge kang saemper, teori-teori kang arep

digunakake sajrone panliten lan lelandhesane teori. Andharane kaya mangkene.

Panliten Sadurunge kang Saemper

Sadurunge panliten iki kaleksanan, wis ana saperangan panliten kang saemper ngenani struktur karya sastra anak lan unsur-unsure, kayata nilai moral, nila dhidhik, lan sapanunggalane. Panliten kasebut tuladhane kaya mangkene:

- 1) Skripsine Ika Yulianti (2004) kanthi irah-irahan *Pesan Moral dalam Dongeng Pada Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Panjebar Semangat Tahun 2007*. Panliten iki ngandharake ngenani pesen moral kang ana sajrone crita wacan bocah ing kalawarti *Panjebar Semangat*. Isine yaiku pesen moral kang ana sesambungane marang Gusti Allah, pesen moral kang ana sesambungane karo manungsa liya lan alam, lan pesen moral kang ana sesambungane marang awake dhewe.
- 2) Skripsine Anies Jusma (2006) kanthi irah-irahan *Ajaran Moral ing Dongeng Wacan Bocah Kalawarti Panjebar Semangat Taun 2009*. Panliten iki ngandharake ngenani ajaran moral sing ana ing sajrone crita wacan bocah ing kalawarti *Panjebar Semangat*. Isine yaiku jinise dongeng, ajaran moral dhiru pribadhi (*Individu*) ing wacan bocah, lan ajaran moral sosial.
- 3) Skripsine Agustin Fitria Kartikasari (2007) kanthi irah-irahan *Nilai Sosial Budaya Sajroning Cerbung Langit Hingga Anggitane Sumono Sandy Asmoro*. Panliten iki ngandharake ngenani strukture sajrone cerbung, nilai sosial sajrone cerbung lan nilai budaya sajrone cerbung.
- 4) Skripsine Anies Kurniawati (2009) kanthi irah-irahan *Nilai Pendhidhikan Karakter Sajrone Dongeng-dongeng Asia Kanggo Bocah*. Panliten iki ngandharake ngenani gegambaran struktur dongeng lan nilai pendhidhikan karakter sajrone dongeng.

Panliten kang saemper kasebut ngandharake babagan dongeng lan nilai-nilaine. Ora kabeh panliten ngandharake babagan nilai sastra sajrone dongeng. Panlitene Ika Yulianti (2004), Anies Jusma (2006) lan Anies Kurniawati (2009) ngandharake babagan dongeng kang saemper karo panliten iki, nanging panliten kasebut ora nliti ngenani babagan nilai sastra. Saka panliten-panliten, tuwuh kawigaten kanggo nliti salah sawijine reriptan sastra kang arupa dongeng kanthi irah-irahan *Nilai Sastra Sajrone Dongeng ing Rubrik Wacan Bocah Kalawarti Panjebar Semangat Taun 2014*.

Tintingan Struktural

Reriptan sastra mujudake sawijine totalitas kang diwangun dening peranganing unsur. Salah sawijine unsur pamangun sastra yaiku unsur intrinsik. Struktur reriptan sastra mujudake sesambungan antarane unsur intrinsik kang nemtokake lan nduweni daya pangaribawa (Nurgiyantoro, 2005:36). Selaras karo Nurgiyantoro, Sukada (1993:24) ngandharake struktur yaiku gabungan elemen-elemen utawa pirang-pirang sub elemen kang nduweni gegayutan lan gegayutane mau bisa ditegesi kanthi wutuh. Struktur minangka bentuk lan isi kang nduweni tujuwan kanggo estetis (Wellek lan Warren, 1995:159).

Damono (1978:38) ngandharake yen tintingan struktural iku nduweni patang titikan, yaiku (1) nduweni kawigaten marang kautuhan lan totalitas, (2) strukturalisme ora nganalisis struktur saka njabane wae, nanging struktur kang ana ing sajrone kasunyatan empiris, (3) analisis ditindakake dening kaum strukturalis yaiku struktur kang sinkronis, lan dudu kang diakronis, (4) strukturalisme yaiku metodhe pendhekatan kang anti kausal, tegese ora precaya marang hukum sebab-akibat, nanging precaya hukum owah-owahane wujud.

Endraswara (2003:49) ngandharake kang diarani strukturalis sabenere yaiku cara mikir ngenani jagad kang gegayutan karo tanggapan lan dheskripsi struktur-struktur. Ing pamawas iki karya sastra diwawas minangka fenomena kang nduweni struktur sing ana gegayutan siji lan liyane. Unsur-unsur intrinsik dongeng ngandhut 5 unsur intrinsik, yaiku tema, paraga, alur, latar, lan amanat (<https://id.m.wikipedia.org/wiki/Dongeng>)

Analisis struktural iki nduweni tujuwan njlentrehake kanthi cetha ngenani paedha lan gegayutane antarane unsur-unsur karya sastra kang kanthi bebarengan ngasilake sawijine sakabehe. Analisis struktural ora cukup ditindakake mung karo ndhata unsur tartamtu sawijine karya fiksi, kayata prastawa, plot, paraga, latar, utawa liyane, nanging kang luwih wigati yaiku menehi kawruh kepriye gegayutane unsur-unsur iki mau, lan gegayutane apa kang wis diwenehake kanggo tujuwan estetis lan sakabehe makna kang pengin digayuh (Nurgiyantoro, 2005:37).

Tema

Tema minangka makna sawijine crita kanthi khusus nerangake saperangan gedhe unsur crita kanthi cara kang prasaja. Tema dadi dhasar pangrembakakane sakabehe crita, mula tema uga nduweni sipat njiwani sakabehe perangan crita kasebut. Tema nduweni generalisasi kang umum, luwih amba, lan abstrak (Staton, sajrone Nurgiyantoro, 2005:67). Pamawas kasebut saemper karo pamawase Aminudin (1987:91) kang ngandharake tema yaiku idhe kang dadi dhasare crita

saengga nduweni paedah minangka punjere pangripta njlentrehake reriptan.

Sumardjono (1994:54) ngandharake tema yaiku ide sawijine crita. Pangripta sajrone nulis critane ora mung arep crita, nanging ngandharake marang pamaos kang bisa arupa babagan panguripan prastawa lan tumindake paraga sajrone crita kang sakabehe dilandhesi karo idhene pangripta. Sawijine cerkak ngandharake panemune pangripta ngenani urip lan panguripan, saengga wong liya bisa mangerteni teges urip saka karya sastra kang wis diandharake.

Alur (plot)

Plot yaiku prastawa-prastawa kang ana ing sajrone crita sing sipate ora sedherhana, amarga pangripta nyusun prastawa-prastawa adhedhasar saka sebab akibat (Kenny sajrone Nurgiyantoro, 2005:113). Najid (2003:20) ngandharake yen plot yaiku reroncene prastawa kanthi lurus lan *kausalitas* adhedhasar saka urutan wektu, urutan prastawa, utawa gegayutan sebab akibat, saengga bisa kawujud sawijine kautuhan kang utuh lan padhu sajrone sawijine prosa fiksi.

Ana telung unsur kang ana sajrone pangrembakane plot, yaiku prastawa, konflik, lan klimaks. Kang diarani prastawa yaiku peralihan saka sawijine kahanan menyang kahanan liyane (Luxemburg dkk, 1992:150). Konflik yaiku samubarang kang nduweni sipat ora nyenengake kang dialami dening paraga-paraga crita, yen paraga-paraga kasebut bisa milih, paraga-paraga kasebut ora bakal milih prastawa kasebut dialami (Nurgiyantoro, 2005:123).

Wellek lan Warren (1995:159) ngandharake yen plot utawa alur iku tuwuh saka unsur-unsur crita kang luwih cilik, yaiku saka *episode-episode*. Mula saka iku alur minangka struktur saka reriptan fiksi.

Paraga

Paraga ing sajrone karya sastra mujudake unsur kang wigati kanggo nyengkuyung sawijine crita. Miturut Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2005:165) paraga yaiku pawongan kang ditampilake ing sajrone karya naratif utawa drama, dening pamaos ditegesi nduweni kuwalitas moral lan punjer tartamtu kayata kang diekspresekeke sajrone ujaran lan apa kang ditindakake. Pamaraga bisa diarani teknik kanggo nemtokake pangrembakakane paraga sajrone crita.

Najid (2003:23) ngandharake paraga yaiku panindak kang nyengkuyung prastawa, saengga ndadekake sawijine crita, dene pamaragan yaiku cara pangripta anggane nampilake paraga. Kanthi anane pamaragan bisa ndadekake crita luwih nyata lan urip. Kanthi pamaragan uga, para pamaos bisa gamblang nampa wujud manungsa utawa makhluk liyane kang diwedharake dening pangripta.

Gegayutan karo paraga lan pamaragan, (Aminudin, 1987:80) ngandharake, nalika pamaos nyoba nyumurupi watake paraga kang ana sajrone crita fiksi bisa dimangerteni saka (1) tuturan langsung saka pangripta babagan karakteristik paragane, (2) gegambaran kang diwenehake pangripta saka dheskripsi bab kahanane paraga ana satengahe bebrayan, utawa carane nganggo busana, (3) gegambaran tumindake paraga, (4) saka kepriye cara kahanane paraga njlentrehake awake, (5) saka kepriye pamikirane paraga, (6) saka paraga liya kang njlentrehake paraga utama, (7) saka kepriye carane paraga liya nalika cecaturan karo paraga utama, (8) saka paraga-paraga liya kang menehi reaksi marang paraga utama, lan (9) saka kepriye paraga utama kuwi menehi reaksi marang paraga liya.

Miturut fungsi gelare paraga, Nurgiyantoro (2005:176-177) mbedakake paraga iku dadi loro, yaiku paraga utama lan paraga tambahan. Paraga utama yaiku paraga kang diutamakake lan paling kerep metu ing crita, dene paraga tambahan yaiku paraga kang paling sathithik metune lan metune yen ana gegayutane karo paraga utama.

Latar

Latar yaiku panggonan, wektu, lan lingkungan sosial panggonane prastawa kang arep dicritakake (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2005:216). Latar sajrone karya fiksi ora mung winates ing panggonan tartamtu, utawa samubarang kang asipat fisik wae, nanging uga kang awujud tata cara, adat istiadat, kapitayan, lan nilai-nilai kang ana ing panggonan kasebut (Nurgiyantoro, 2005:219). Wellek lan Warren (1995:220-221) ngandharake latar nduweni paedah kanggo ngekspresikake wewatesan lan pepenginan, nduweni gegayutan kang raket karo alam lan manungsa.

Nurgiyantoro (2005:27) ngandharake yen unsur-unsur latar dibedakake dadi telu, yaiku (1) latar panggonan yaiku tumuju marang panggonan prastawa kang dicritakake sajrone reriptan fiksi, (2) latar wektu yaiku latar kang gegayutan karo perkara kapan dumadine prastawa kang dictitakake sajrone reriptan fiksi, lan (3) latar sosial yaiku latar kang tumuju marang babagan kang ana gegayutane karo tumindak sosiale masyarakat ing panggonan kang dicritakake. Pigunane latar sajrone telung tandha, yaiku (1) latar bisa manggonake sawijine karakter, (2) latar uga bisa minangka faktor kang nemtokake tema, lan (3) latar uga bisa minangka piranti kang nggayutake tema. Latar sawijine reriptan sastra yaiku punjer utawa lelandhesan kanggo ngawiti crita. (Montague lan Hendbow sajrone Sukada, 1993:61)

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dimangerteni yen karya sastra iku ora bisa uwal saka unsur-unsur pamangune karya sastra. Unsur-unsur

intrinsik karya sastra kang bakal dibahas ing panliten iki yaiku tema, paraga, alur, lan latar.

Dongeng

Ing jagad kasusastran dongeng kalebu reriptan sastra kang arupa crita *fiksi* sing critane ora ana kasunyatanane. Dongeng dicritakake kanggo panglipur, sarta ngandhut piwulangan kang becik (Danandjaja, 1991: 83). Miturut Hutomo (1991:62), dongeng yaiku reriptan sastra kang ngandhut piwulangan lan patuladhan kang becik, lan bisa dadi pengeling-eling anane prastawa-prastawa dhek jaman semana.

Jinise dongeng iku maneka warna. Danandjaja (1991:86) ngandharake yen dongeng iku bisa diperang dadi 4 jinis yaiku:

(1) Dongeng kewan (*animal tales*),

Dongeng kewan (*animal tales*), yaiku dongeng sing paragane kewan ingon-ingon lan kewan dudu ingon-ingon (liar/buas), kayata kewan nyusoni (*mamalia*), manuk, kewan ngremet (*reptilian*), iwak lan liya-liyane. Kewan ing dongeng iki bisa ngomong lan nduweni akal kaya dene manungsa. Ing Indonesia dongeng kewan sing ngrembaka yaiku crita kancil.

(2) Dongeng biasa (*ordinary folktales*)

Dongeng biasa (*ordinary folktales*), yaiku dongeng sing paragane manungsa kang isine nyritakake susah lan senenge urip ing masyarakat. Ing Indonesia dongeng biyasa (*ordinary folktales*) sing paling ngrembaka yaiku kayata dongeng Ande-ande Lumut lan bawang abang bawang putih,

(3) Dongeng lelucon utawa anekdot (*jokes and anecdotes*)

Dongeng lelucon utawa anekdot (*jokes and anecdotes*) yaiku dongeng sing isine guyonan, supaya pamaca sing ngrungokake bisa nggawe atine seneng. Kanggo tokoh tartamtu dongeng iki bisa nuwuhake rasa gela. Tuladhane kayata dongeng sindiran kanggo pejabat pamrentah sing korupsi, lan

(4) Dongeng berumus (*formula tales*)

Dongeng berumus (*formula tales*) yaiku dongeng sing strukture prastawa sajrone urip bebrayan. Miturut Brundvand kaya kang kakutip ing Danandjaja (1991:139), ngandharake dongeng berumus yaiku dongeng sing awujud critane tumata kayata dongeng *berantai* (*cumulative teks*), dongeng dolanane manungsa (*catch tales*) lan dongeng sing ora nduweni pungkasan crita (*endless tales*).

Miturut Hutomo (1991:62-64) yen jinise ana 6, yaiku: (1) mite, (2), fabel (3) lugu, (4), gegedhug (wiracarita), (5), legenda lan (6) sage. Mite yaiku dongeng kang ana gegayutane karo kapitayan ing jaman kuna, gegayutane karo dewa-dewi lan manungsa utawa dongeng kang nyritakake kapitayane masyarakat marang

alaming lelembut utawa bangsa alus. Tuladhane kayata dongeng Jaka Tarub, Nyi Roro Kidul, lan Rama Sinta. Fabel yaiku salah sawijine wujud crita sing nuduhake kewan dadi paraga oing crita. Kewan-kewan kasebut bisa nduweni akal lan bisa ngomong kaya dene manungsa, uga nduweni masalah kaya uripe manungsa. Kewan iku nduweni penggalih, logika, pangrasa, wicara, solah bawa lan liya liyane. Tuladhane kayata dongeng Singa lan Tikus, Kancil Nyolong timun, lan truwelu.

Dongeng lugu yaiku dongeng kang critane aneh-aneh lan ora bisa dinalar dening manungsa amarga dongeng iki mung kanggo ngisi wektu, ora ana gegayutane karo apa wae. Tuladhane kayata dongeng Timun Emas, dongeng Cindhelaras, lan dongeng Jaka Kendhil. Gegedhug (wiracarita) yaiku dongeng kang medharake para linuwih ing jaman kuna, carane medhar diluwih-luwihake lan sing dadi paraga punjer banjur diugal-ugalake. Tuladhane kayata dongeng Mahabharata lan dongeng Ramayana.

Legendha yaiku bisa dingerteni crita magis kang kerep digayutake karo tokoh, prastawa, lan panggongan-panggongan lan nyata. Mula saka iku, ora kerep nganggep legenda dadi crita kang asipat historis senajan nyatane sing dianggep dadi *fakta* iku kadar sejaraha isih kerep dadi pitakon. Dadi crita sing dijunjung dadi legendha yaiku tokoh lan prastawa sing pancen nyata, ana, lan prastawa ing sajrone sejarahh. Tuladhane kayata dongeng Rawa Pening, dumadine Tlaga sarangan, lan dumadine Majapahit. Dongeng sage yaiku dongeng kang ana gegayutane karo sejarah. Tuladhane kayata dongeng Panji Asmarabangun, lan dongeng Candi Rorojonggrang.

Miturut Noor (2011:52) dongeng nduweni piguna kang gedhe tumrap para pamaos. Piguna dongeng ing antarane, yaiku 1) dongeng bisa nglatih daya konstrasine bocah, 2) dongeng minangka sawijine piwulang kang nengsemake, 3) dongeng bisa nglatih bocah supaya bisa sawung karo lingkungan sakupenge, 4) dongeng bisa nuwuhake daya kreatifitas tumrap bocah, 5) dongeng bisa nuwuhake daya tanggap tumrap lingkungan sakupenge, 6) dongeng bisa nglatih bocah anggane sesambungan, lan 7) dongeng nglatih daya pikire bocah.

Adhedhasar andharan kasebut bisa didudut yen dongeng minangka crita kang asipat *fiktif* (ora nyata) saka isine dongeng bisa dadi tuladha marang bocah cilik. Dongeng uga ngandhut piwulangan kang becik, lan bisa dadi pangeling-eling anane prastawa-prastawa ing jaman biyen. Dongeng maneka werna jinis lan sakabehe menehi piwulang kang becik tumrap manungsa lan para pamaos.

Sastra

Wellek lan Warren (1995:109) ngandharake yen sastra nyuguhake panguripan lan panguripan kasebut

saperangan gedhe wujud saka kasunyatan urip, senajan karya sastra kuwi uga dimawas saka sawijine prastawa kang nyata. Sastra ora bakal kawujud tanpa anane manungsa, lan saka pengalaman uripe manungsa bisa ngasilake karya sastra.

Sastra yaiku ekspresi panguripan manungsa kang ora uwal saka akar masyarakat (Endraswara, 2008:78). Sastra kawujud saka imajinasine lan saka kasunyatan uripe pangripta. Proses kanggo ngasilake karya sastra mesthi menehi sawijine pandeleng yen sastra kuwi minangka gegambarane manungsa ing urip bebrayan lan nggambarake panguripan ing sakupenge pangripta. Sawijine karya sastra ora mung asipat fiksi wae, nanging rancen saka pangimpen lan kasunyatan, amarga panguripane manungsa ora padha.

Karya sastra sawijine tumindak kreatif saka karya seni. Sastra yaiku apa wae kang ditulis lan dicetak. Saliyane kuwi karya sastra uga bisa diarni karya imajinatif kang dideleng luwih amba tegese tinimbang karya fiksi (Wellek lan Warren, 1995:3-4). Minangka asil imajinatif, sastra nduweni fungsi yaiku hiburan kang nengsemake, uga nambah pengalaman batin saka pamaos.

Nilai

Tillman (2004:32) ngandharake yen nilai yaiku samubarang kang nduweni rega, guna, lan bisa nyadharake manungsa marang harkat lan martabate. Sumber nilai asale saka budhi kang nduweni piguna ngarahake menyang sikap lan tumindake manungsa. Nilai uga nduweni teges dhasar ukuran tumindak lan kabecikan sing kaiket dening masyarakat, saengga didadekake panutan supaya ditindakake lan dilestarekake.

Nilai yaiku sawijine prinsip kanggo nimbang becik lan alane samubarang (Pramono Dkk, 2005:90). Samubarang bisa diarani nduweni nilai nalika samubarang kasebut nduweni sipat kang wigati, nduweni piguna, endah kang nyugihake batin, kang bisa nyadharake manungsa karo harkat lan martabate (Widayati dkk, 2008:85).

Adhedhasar andharan kasebut bisa didudut yen nilai minangka salah sawijine babagan kang menehi makna sajrone urip. Nilai uga menehi daya pangaribawa tumrap tumindake manungsa saka becik lan eleke. Saliyane iku nilai uga nduweni paedah lan bisa dilakoni sajrone urip bebrayan.

Nilai Sastra

Miturut Huck dkk (sajrone Nurgiyantoro, 2013:36-47) ngandharake minangka nilai sastra kanthi cara garis besar bisa dibedakake dadi rong golongan, yaiku nilai personal (*personal values*) lan nilai pendidikan (*educational values*) kekarone bisa dironce dadi *sub-kategori* nilai.

Nilai Personal

Nilai personal yaiku nilai sing kaperang dadi lima, yaiku pangembangan emosional, pangembangan intelektual, pangembangan imajinasi, tuwuhe rasa sosial, lan tuwuhe rasa etis lan religius. Bisa diandharake kaya mangkene.

a. Pangembangan emosional

Miturut Nurgiyantoro (2013:37) kanthi cara langsung lan ora langsung, karo maca buku-buku crita iku anak bisa sinau ngenani solah bawane kanthi cara pener. Lumantar wacan crita iku anak bisa sinau kepriye ngelola emosine supaya ora ngrugikake awake dhewe lan wong liya.

b. Pangembangan intelektual

Miturut Nurgiyantoro (2013:38) lumantar crita, anak bisa antuk crita sing nyenengake lan bisa puas atine. Crita nampilake urutan prastawa kang ngandut logika sing tumata lan logika alur. Logika alur iku nuduhake sesambungan prastawa sing diperanake dening paraga *antagonis* lan *protagonis*. Sesambungane alur ing sajrone crita iku arupa sesambungane sebab akibat. Tegese samubarang kang prastawa akibat sing ndadekake anane prastawa-prastawa liya. Supaya bisa ngerteni crita iku bocah kudu sambung karo logika sesambungane crita kasebut.

c. Peangembangan imajinasi

Miturut Nurgiyantoro (2013:39) adhedhasar maca ing donyane sastra saka maca imajinasine anak bisa digawa ngumbara keliling donya lumantar wektu lan panggonan kang ana ing sajrone crita. Lumantar crita iku, anak bisa antuk pengalaman sing luar biyasa, sing setengahe ora kaya kasunyatan saka crita lan cara-cara maca sastra.

d. Tuwuhe rasa sosial

Miturut Nurgiyantoro (2013:40) wacan crita nuduhake kepriye tokoh cecaturan karo pawongan lan lingkungan. Sajrone panguripan, bocah bisa nyadhari minangka ana pawongan saliyané dheweke, lan minangka pawongan iku saling mbutuhake. Wacan crita sastra sing prastawa ing bebrayan bisa menehi piwulang sosial kanthi cara becik lan bisa dadi tuladha.

e. Tuwuhe rasa etis lan religius

Miturut Nurgiyantoro (2013:41) nilai sosial, moral, etika, lan religius prelu ditanamake marang bocah cilik kanthi cara efektif lumantar sikap lan perilaku ing urip saben dina. Babagan iku ora mung dituladhakake dening wong sing luwih diwasa, nanging uga lumantar wacan crita sastra uga nampilake sikap lan perilakune paraga.

Nilai Pendhidhikan

Nilai pendhidhikan kaperang dadi 5 jinis, yaiku eksplorasi lan panemuan, ngrembakane basa, ngrembaka

ing nilai kaendahan, pananaman wawasan multikultural, lan pananaman kabiasaan maca. Andharane kang luwih cetha bisa dideleng kaya mangkene.

a. Eksplorasi lan panemuan

Miturut Nurgiyantoro (2013:41) nalika pamaca crita, hakekate bocah digawa kanggo nglakoni *eksplorasi*, jelajah, nduweni penggalih sing *imajinatif*, ing donya sing durung dikenal dening bocah lan medharake pengalaman uripe. Kanthi cara *imajinatif* bocah bisa nduweni pamikir sing kritis lan bisa nglakoni panemuan sing dipresiksi kepriye solusi sing dikarepeke.

b. Ngrembakane basa

Miturut Nurgiyantoro (2013:42) sastra yaiku karya seni kang mediane nggunakake basa sing endah. Mula aspek basa peran kang paling wigati ing sajrone crita. Sastra ora liya yaiku samubarang kang awujud dolanan basa. Tulisan sastra kanggo bocah sing apik yaiku sing gampang dingerteni basane kanggo bocah cilik saengga bisa ngerteni isine crita.

c. Ngrembaka ing nilai kaendahan

Miturut Nurgiyantoro (2013:43) basa sastra anak biyasane ekspresi ing sajrone tembung-tembung kapilih saengga bisa nyiptakake kaendahan. Kaendahan sajrone *genre* fiksi yaiku bisa digayuh lumantar crita sing ditampilake kanthi narik kawigaten pamaca, *suspense* kang apik, lang diungkapake lumantar basa kang endah. Tegese aspek basa iku bisa nyengkuyung lumakune crita, nyengkuyung ekspresi lan tumnindake tokoh, nyengkuyung gagasan ngenani donya kang disampekake, lan saka aspek basa iku uga bisa dipilih tembung, struktur, lan ungkapan sing trep.

d. Pananaman wawasan multikultural

Miturut (Nurgiyantoro, 2013:44) maca crita tradhisional saka daerah liya bisa entuk pamawas lan wawasan ngenani kabudayan masyarakat. Kanthi cara maca crita tradhisional iku ora mung bisa entuk kasenangan maca crita, nanging uga bisa entuk pamawas lan pamahaman budaya tradhisional masyarakat liyane. Saka maca, bisa tuwuh rasa sadhar sajrone bocah minangka ana budaya liya sing kudu diregani.

e. Pananaman kabiasaan maca

Miturut Nurgiyantoro (2013:46) tembung-tembung bijak sing medharake minangka buku iku cendhelane ilmu pamawas, buku yaiku cendhela kanggo deleng donya. Dadi, sastra diyakini bisa menehi motivasi bocah kanggo seneng maca, bisa balikake bocah marang buku crita sing kanggo saumurane.

Lelandhesane Teori

Panliten iki diwiwiti kanthi nggunakake tintingan struktural panemune Endraswara (2003:49) yaiku cara mikir ngenani jagad kang gegayutan karo tanggapan lan dheskripsi struktur-struktur. Analisis struktur sajrone

panliten iki tujuwane kanggo njlentrehake kanthi tliti kepriye gegayutan lan sesambungan maneka unsur karya sastra kanthi bebarengan ngasilake sawijine makna kang rata. Unsur dongeng kang difokusake ing panliten iki yaiku, tema, paraga, alur, lan latar.

Konsep tema nggunakake panemune Aminudin (1987:91) kang ngandharake tema yaiku idhe kang dadi dhasare crita saengga nduweni paedah minangka punjere pangripta njlentrehake reriptan. Konsep paraga miturut panemune Abrams (sajrone Nurgiyantoro, 2005:165) paraga yaiku pawongan kang ditampilake ing sajrone karya naratif utawa drama, dening pamaos ditegesi nduweni kuwalitas moral lan punjer tartamtu kayata kang diekspresikake sajrone ujaran lan apa kang ditindakake.

Kanggo nintingi alur nggunakake panemune Nurgiyantoro (2005:117) yaiku ana telung unsur kang ana sajrone pangrembakane plot, yaiku prastawa, konflik, lan klimaks. Konsep latar nggunakake panemune (Abrams sajrone Nurgiyantoro, 2005:216) kang ngandharake menawa latar utawa setting luwih tumuju marang panggonan, gagayutan karo wektu, lan kahanan dumasane prastawa dicritakake.

Kanggo nintingi nilai sastra sajrone rubrik dongeng wacan bocah nggunakake panemune Huck dkk (sajrone Nurgiyantoro, 2013:37-47) ngandharake minangka nilai sastra kanthi cara garis besar bisa dibedakake dadi rong golongan, yaiku nilai personal (*personal values*) lan pendidikan (*educational values*) kekarone bisa dironce dadi *sub-kategori* nilai. Nilai personal kaperang dadi 5 jinis, pangembangan emosional, pangembangan intelektual, pangembangan imajinasi, tuwuhe rasa sosial, lan tuwuhe rasa etis lan religius. Nilai pendhidhikan kaperang dadi 5 jinis, yaiku eksplorasi lan panemuan, ngrembakane basa, ngrembaka ing nilai kaendahan, pananaman wawasan multikultural, lan pananaman kabiyasan maca.

Miturut Teeuw (2003:102) hermeneutika yaiku ilmu utawa keahlian nginterpretasikake karya sastra lan ungkapan basa kanthi nggunakake arti kang luwih luwas miturut maksude. Adhedhasar pamawas saka para ahli kasebut bisa didudut yen hermeneutika yaiku metode sing digunakake kanggo mahami teks sastra, seni, agama utawa sejarah. Upaya kanggo mahami realitas lumantar basa utawa wujud kaendahan karya sastra.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Sadurunge panliti nganalisis dhata utawa nglakoni panliten, panliti kudu ngrancang apa kang arep ditliti supaya panliten sing ditindakake bisa kasil kanthi cara kang apik. Panliten nduweni sipat kuantitatif lan kualitatif. Panliten kuantitatif yaiku panliten kang anggone ngandharake nggunakake angka-angka, wiwit

ngumpulake dhata lan nafsirake asile, dene panliten kualitatif nuduhake yen panliten nduweni sipat ilmiah, apa anane ora dimanipulasi kahanane, lan nengenake dheskripsi kanthi alami (Arikunto, 2006:12).

Endraswara (2003:5) ngandharake menawa kaloro jenis panliten iki sejatine bisa digunakake sajrone panliten sastra. Mung wae, kang paling cocog kanggone fenomena sastra yaiku panliten kualitatif. Babagan iki kudu dimangerteni, amarga karya sastra mujudake donyane tetembungan lan simbol kang kebak makna. Sastra dudu fenomena kang gampang ditintingi, kayadene fenomena alam kang diitung.

Titikan kang wigati panliten kualitatif sajrone panliten sastra, yaiku (1) panliti minangka instrumen kang bakal maca kanthi tliti sawijine karya sastra, (2) panliten ditindakake kanthi dheskriptif, tegese dijlentrehake awujud tetembungan utawa gambar yen dibutuhake, ora awujud angka, (3) luwih ngutamakake proses mbandhingake asil, amarga karya sastra salah sawijine fenomena kang akeh narik panafsiran, (4) analisis kanthi indhuktif, lan (5) makna dadi kawigaten kang utama Miturut Endraswara (2003:15). Moloeng (2006:5) ngandharake yen panliten kualitatif yaiku panliten kang nggunakake ancangan *naturalistik* kanggo nggoleki sawenehe informasi babagan prastawa ing urip bebrayan.

Panliten iki kagolong panliten kang asipat dheskriptif kualitatif. Panliten iki adhedhasar ing kasunyatan kanthi nggunakake basa kanggo mangsuli prakara kang ditliti lan ora merlokake itung-itungan utawa nganggo rumus statistik (Arikunto, 2006:12). Panliten iki nggunakake jinis ancangan kualitatif amarga panliten iki rupa dhata-dhata dheskriptif saka sumber panliten, yaiku dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti Panjekar Semangat taun 2014.

Sumber Dhata lan Dhata

Sumber dhata lan dhata sajrone panliten iki dibedakake. Kepriye bedane sumber dhata lan dhata sajrone panliten iki bakal diandharake kaya mangkene.

Sumber Dhata

Sumber dhata ing sajrone panliten iki yaiku subjek asale dhata. Sumber dhata kaperang dadi loro jenis, yaiku sumber primer lan sekundher. Sumber primer yaiku sumber dhata kang langsung menehi dhata tumrap panliti, dene sumber sekunder yaiku sumber kang kanthi ora langsung menehi dhata marang panliten iki tuladhane wong liya utawa dhokumentasi (Arikunto, 2006:128).

Sumber dhata ing panliten iki arupa kumpulan dongeng wacan bocah sing ana ing kalawarti *Panjekar Semangat* taun 2014. Kalawarti *Panjekar Semangat* yaiku salah sawijine kalawarti sing nggunakake basa Jawa lan sing ana ing Jawa Timur. Senajan terbit saben minggu nanging ora mesthi ana crita ngenani dongeng

wacan bocah. Mula kumpulan dongeng wacan bocah sing ana ing kalawarti Panjekar Semangat taun 2014 mung ana 14 crita lan pengarangane beda-beda.

No	Judhul	Pengarang	Edhisi
1	Toto lan Kroto	Om Pawit	2-11 Januari 2014
2	Pangeran Kodhok (PK)	Lintang Alit	6-8 Pebruari 2014
3	Banyu Bening kanggo Mbah Putri (MBMP)	Om Pawit	10-8 Maret 2014
4	Sing Salah Seleh (SSS)	Mbah Hugo	14-5 April 2014
5	Seneng Jajan Jamu (SJJ)	Lik Hugo	18-3 Mei 2014
6	Emprit sajodho ngrembug Pakdhe Tani (EPT)	Lik Hugo	20-17 Mei 2014
7	Manuk Gagal lan Manuk Merak (MGMM)	Agus Junaedi	23-7 Juni
8	Tlaga Warna (TW)	Yayahkiki	26-28 Juni 2014
9	Ngguguwa Pitutur Wong Tuwa (NPWT)	Lik Hugo	34-23 Agustus 2014
10	Semut Kacip (SK)	Nur Wasis	38-20 September 2014
11	Mula Bukane Manuk Emprit Rupane Ireng (MBMERI)	Lik Hugo	40-4 Oktober 2014
12	Bango lan Anak Kangguru (BAK)	Om Pawit	46-15 Nopember 2014
13	Kesambet	Dawam	50-13 Desember 2014
14	Kucing Lorek Serik Ati (KLSA)	Sukma Satriani Rihadini Putri	52-27 Desember 2014

Dhata

Dhata yaiku informasi kang entuk saka sumber dhata lan utawa sampel (Sunarto, 2001:130). Dhata panliten iki arupa tembung-tembung, ukara, narasi lan dialog kang ana ing wacan bocah kasebut.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten mujudake perangan piranti kang digunakake kanggo nliti. Sajrone panliten rubrik dongeng wacan bocah sing dadi instrumen utama yaiku panliti dhewe jalaran panliti mujudake *real reader* (Suratno sajrone Jabrohim, 2002:34). Panliti minangka instrumen kudu maca teks sastra kanthi wutuh, supaya bisa medharake nilai sastra sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah.

Tata Cara Nglumpukake Dhata

Panliten iki nggunakake metode telaah struktur. Telaah struktur yaiku panliten sing nliti struktur didadekake acuan ing panliten (Ratna, 2009:24). Struktur kang dadi acuan panliten yaiku struktur crita dongeng wacan bocah kang kapacak ing kalawarti Panjekar Semangat sing ana gegayutane karo nilai sastra.

Tata cara ngumpulake dhata sajrone panliten iki kaya andharan ing kene:

- (1) Maca wiwit saka kawitan nganti pungkasan rubrik dongeng wacan bocah kanthi dibolan-baleni lan dimangerteni surasane. Prakara kasebut nduweni tujuan supaya oleh pamawas ngenani sakabehe nilai kang kinandhut ing rubrik dongeng wacan bocah.
- (2) Nggolongake dhata-dhata kang mathuk karo prakara kang diandharake.
- (3) Nyathet dhata-dhata kang wis digolongake kanthi tujuwane supaya gampang kanggo nggolongake dhata-dhata kang selaras karo underane panliten.
- (4) Kanggo mbiyantu proses nyathet digunakake kartu dhata minangka instrumen. Kartu kasebut nduweni piguna kanggo nulis kutipan-kutipan sing arep dirembug.

Tata Cara Ngolah Dhata

Teknik analisis dhata yaiku cara kang digunakake kanggo nganalisis dhata. Teknik analisis dhata sajrone panliten iki nggunakake analisis dheskriptif, yaiku analisis kang digunakake kanggo nafsirake lan nggambarake dhata kang ana kanthi cocok karo prakara-prakara kang diajokake (Arikunto, 2006:34).

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, tata cara kang digunakake panulis kanggo analisis dhata, yaiku:

- 1) Klasifikasikake adhedhasar majalah Panjekar Semangat.
- 2) Nganalisis dhata lan dhata-dhata panyengkuyung kang wis diolah selaras karo lelandhesane teori kang wis diandharake. Analisis iki adhedhasar marang tujuan panliten lan lelandhesane teori kang ditemokake.

- 3) Ndheskripsekake asil analisis kanthi rinci lan runtut miturut underane panliten kang wis ditemokake.
- 4) Nyimpulake asil analisis. Adhedhasar analisis kang wis ditindakake sadurunge.
- 5) Ndudut kesimpulane kanthi cara indhuktif yaiku panulis nyimpulake adhedhasar kabeh prastawa kang ditemoni lan wis kasusun saka dhata panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Unsur Intrinsik lan Nilai Sastra Sajrone Dongeng Rubrik Wacan Bocah

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Toto lan Kroto iki ngandhut tema pendhidhikan. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku Tooro. Alur crita Toto lan Kroto iki yaiku alur maju, amarga critane dipungkasi kanthi cetha. Latar kang ana sajrone crita yaiku latar pekarangan, latar wektu awan lan sore, latar kahanan medeni lan kahanan sedhih.

Nilai sastra kang ana sajrone crita iki yaiku ana nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *perkembangan emosional, pertumbuhan rasa sosial, lan pertumbuhan rasa etis lan religius*. Nilai pendidikan yaiku *perkembangan bahasa, pengembangan nilai keindahan, lan penanaman kebiasaan membaca*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Pangeran Kodhok (PK) ngandhut tema sosial. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku ana Dewi Risti lan Pangeran. Alur crita PK iki yaiku alur maju. Crita iki nduweni latar alas, latar tlaga, latar wektu jaman biyen, lan latar kahanan sedhih.

Nilai sastra kang kinandhut sajrone crita PK iki yaiku nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal antarane *perkembangan emosional, perkembangan intelektual, lan perkembangan imajinasi*. Nilai pendidikan yaiku *perkembangan bahasa lan penanaman wawasan multikultural*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Banyu Bening kanggo Mbah Putri (BBMP) iki ngandhut tema pendhidhikan. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku Saldin lan Anto. Alur crita iki yaiku alur maju, amarga critane dipungkasi kanthi cetha. Latar kang ana sajrone crita BBMP iki yaiku latar desa, latar kali, latar wektu isuk, latar kahanan tenang, lan latar kahanan bungah.

Nilai sastra kang ana sajrone crita BBMP iki yaiku nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku ana *pertumbuhan rasa sosial*. Nilai pendidikan yaiku *eksplorasi dan penemuan, perkembangan bahas, penanaman wawasan multikultural, lan penanaman kebiasaan membaca*.

Unsur intrinsic crita kanthi irah-irahan Sing Salah Seleh (SSS) ngandhut tema pendidikan. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku ana manuk Greja lan Kucing. Alur crita iki yaiku alur maju. Latar kang ana

sajrone crita iki yaiku latar omah, latar wektu isuk, lan latar kahanan medeni.

Nilai sastra kang ana sajrone crita SSS iki yaiku ana nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *perkembangan emosional, perkembangan imajinasi, lan pertumbuhan rasa etis dan religius*. Nilai pendidikan yaiku *penanaman kebiasaan membaca*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Seneng Jajan Jamu (SJJ) ngandhut tema sosial. Paraga utama kang ana sajrone crita iki yaiku Klawer lan Urip dadi paraga tambahan kang nyengkuyung dalane crita. Alur crita iki yaiku alur maju, amarga dipungkasi kanthi cetha. Latar crita iki latar pasar, latar wektu isuk, lan latar kahanan medeni.

Nilai sastra kang ana sajrone crita SJJ iki yaiku ana nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *pertumbuhan rasa sosial*. Nilai pendidikan yaiku ana *perkembangan bahasa lan pengembangan nilai keindahan*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Emprit sajodho ngrembug Pakdhe Tani (EPT) ngandhut tema pendidikan. Paraga utama kang ana sajrone crita iki yaiku ana loro manuk Emprit lanang lan manuk Emprit wedok. Alur crita iki yaiku alur maju. Latar kang ana sajrone crita iki yaiku latar alas, latar omah, latar sawah, latar galengan, latar wektu isuk, latar kahanan medeni.

Nilai sastra crita EPT iki ngandhut nilai personal. Nilai personal yaiku *perkembangan imajinasi lan pertumbuhan rasa etis dan religius*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Manuk Gagak lan Manuk Merak (MGMM) ngandhut tema pendidikan. Paraga utama kang ana sajrone crita iki ana loro, yaiku manuk Gagak lan manuk Merak. Alur crita iki yaiku alur maju, amarga dipungkasi kanthi cetha. Latar kang ana sajrone crita iki yaiku latar alas, latar wektu jaman biyen, lan kahanan bungah.

Nilai sastra kang kinandhut sajrone crita MGMM iki yaiku nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *perkembangan emosional, perkembangan intelektual, lan perkembangan imajinasi*. Nilai pendidikan yaiku *pengembangan nilai keindahan lan penanaman kebiasaan membaca*.

Unsur intrinsik sajrone crita Tlaga Warna (TW) ngandhut nilai sosial. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku Prabu, Permaisuri, lan Putri. Alur crita iki yaiku alur maju. Latar kang ana sajrone crita iki yaiku latar alas, latar wektu jaman biyen, lan latar kahanan sedhih.

Nilai sastra kang kinandhut sajrone crita TW iki yaiku nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *perkembangan emosional lan perkembangan intelektual*. Nilai pendidikan yaiku *pengembangan nilai keindahan, lan penanaman wawasan multikultural*.

Unsur intrinsik sajrone crita Ngguguwa Pitutire Wong Tuwa (NPWT) ngandhut nilai pendidikan. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku ana kodhok kang ran Nyi Rahayu, Theyot, lan Theblung. Alur crita iki yaiku alur maju. Latar kang ana sajrone crita iki yaiku ana latar blumbang, latar wektu isuk, latar wektu surup, latar wektu bengi, lan latar kahanan bungah.

Nilai sastra kang ana sajrone crita NPWT iki yaiku nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *perkembangan emosional, perkembangan imajinasi, lan pertumbuhan rasa etis dan religius*. Nilai pendidikan yaiku *eksplorasi dan penemuan, pengembangan nilai keindahan, lan penanaman wawasan multikultural*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Semut Kacip (SK) iki ngandhut tema sosial. Paraga utama kang ana sajrone crita iki yaiku Semut Kacip. Alur crita iki yaiku alur maju, amarga critane dipungkasi kanthi cetha. Latar kang ana sajrone crita iki yaiku latar kraton, latar gunung, latar wektu isuk, lan latar kahanan medeni.

Nilai sastra kang kinandhut sajrone crita iki yaiku ana nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *perkembangan imajinasi, lan pertumbuhan rasa etis dan religius*. Nilai pendidikan yaiku *eksplorasi dan penemuan lan penanaman wawasan multikultural*.

Unsur intrinsik sajrone crita Mula Bukane Manuk Emprit Rupane Ireng (MBMERI) ngandhut tema pendidikan. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku manuk Emprit, Manuk Merak, manuk Bleketupuk, manuk Podhang, lan manuk Sirkedhasih. Alur crita iki yaiku alur maju. Latar sajrone crita iki yaiku latar lapangan peksi, latar wektu jaman biyen, lan latar kahanan bungah.

Nilai sastra kang ana sajrone crita iki yaiku nilai personal. Nilai personal yaiku *perkembangan imajinasi lan pertumbuhan rasa sosial*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Bango lan Anak Kangguru (BAK) ngandhut tema pendidikan. Paraga kang ana sajrone crita iki yaiku Bango, Kangguru, Mboke Kangguru Cilik. Alur crita iki yaiku alur maju, amarga dipungkasi kanthi cetha. Latar crita iki yaiku ana latar pesisir, latar wektu isuk, lan latar kahanan sedhih.

Nilai sastra crita BAK iki yaiku ngandhut nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal yaiku *perkembangan imajinasi*. Nilai pendidikan yaiku *eksplorasi dan penemuan*.

Unsur intrinsik crita kanthi irah-irahan Kesambet iki ngandhut tema pendidikan. Paraga sajrone crita iki yaiku ana Mas Fikry, Rudy, lan Mbah Hasan. Alur crita iki yaiku alur maju. Latar kang ana sajrone crita iki yaiku latar pategalan, latar wektu surup, lan latar kahanan medeni.

Nilai sastra kang kinandhut sajrone crita Kesambet iki yaiku ana nilai personal. Nilai personal iki yaiku *pertumbuhan rasa sosial*.

Unsur intrinsik sajrone crita Kucing Lorek Serik Ati (KLSA) ngandhut tema pendidikan. Paragautama kang ana sajrone crita iki ana loro, yaiku ana Kucing Lorek lan Kucing Abang. Alur crita iki alur maju, amarga dipungkasi kanthi cetha. Latar sajrone crita iki yaiku ana latar desa, latar omah, latar segara, latar wektu bengi, lan latar kahanan sedhih.

Nilai sastra kang ana sajrone crita KLSA iki ngandhut nilai personal lan nilai pendidikan. Nilai personal ing antarane *perkembangan emosional, perkembangan imajinasi, lan pertumbuhan rasa etis dan religius*. Nilai pendidikan yaiku *perkembangan bahasa lan pengembangan nilai keindahan*.

PANUTUP

Ing bab panutup iki bakal diandharake ngenani kang dadi dudutan saka apa kang dijlentrehake ing bab sadurunge lan pamrayoga. Andharane kaya ing ngisor iki.

Dudutan

Dongeng rubrik wacan bocah kalawarti Panjebur Semangat taun 2014 menika reriptan sastra kang diriptakake dening pengarang kang luwih saka siji. Crita ing dongeng rubrik wacan bocah menika nyritakake ngenani gegambaran panguripane manungsa ing saben dinane lan uga ngandhut nilai sastra ing saben crita.

Adhedhasar asile analisis dhata bisa dijupuk dudutan menawa gegambaran struktur crita sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah, mligine babagan tema, paraga, plot/alur lan latar. Tema saben crita kasebut beda-beda, antarane yaiku tema pendhidhikan lan sosial. Nanging tema kang digunakake paling akeh yaiku tema pendhidhikan. Gegambaran paraga saben dongeng uga beda-beda. Sakabehane nduweni sipat lan kahanan urip kang beda, saengga tuwuhe nilai sastra ing saben crita. Kajaba iku alur saben crita kang ana, kabeh kagolong alur maju. Alur maju ing saben crita kaperang dadi telu yaiku prastawa, konflik, lan klimaks. Dene latar panggonan, wektu lan kahanan saben crita mesthi beda-beda.

Saka unsur intrinsik crita sajrone dongeng rubrik wacan bocah nuduhake estetika sastra kang kinandhut sajrone crita. Estetika sastra kasebut yaiku ana loro, kang kapisan nilai personal digolongake dadi 5 jinis, yaiku (1) *perkembangan emosional*, (2) *perkembangan intelektual*, (3) *perkembangan imajinasi*, (4) *pertumbuhan rasa sosial*, lan (5) *pertumbuhan rasa etis dan religius*. Kang kapindho yaiku nilai pendhidhikan digolongake dadi 5 jinis, yaiku (1) *eksplorasi dan penemuan*, (2) *perkembangan bahasa*, (3) *pengembangan nilai*

keindahan (4) penanaman wawasan multikultural, lan (5) penanaman kabiasaan membaca.

Pamrayoga

Adhedhasar analisis kang diandharake, panulis nduweni pangarep-arep supaya tulisan iki bisa nambah pangerten tumrap panulis lan pamaos, kanggo nambah kawruh ngenani sastra lan panliten sastra. Panliten iki mligine ngrembug babagan analisis unsur intrinsik gegayutan marang nilai sastra kang ana sajrone dongeng ing rubrik wacan bocah kalawarti Panjebar Semangat taun 2014. Panliten iki uga dikarepake kanggo referensi panliten.

KAPUSTAKAN

- Aminudin, 1987. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung: Sinar Baru Algesindo.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebagai Pengantar Ringkas*. Jakarta: Departemen Pendidikan & Kebudayaan.
- Danandjaja, James. 1991. *Foklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-lain*. Jakarta: PT. Tem Print.
- Endraswara, Suwardi. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1975. *Telaah Kesusastraan Jawa Modern*. Jakarta: Bumi Restu.
- _____. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan*. Surabaya: Himpunan sarjana kesusatraan Indonesia HISKI.
- Jabrohim. 2002. *Metodologi Penelitian Sastra*. Bandung: PT Elex Media Komputindo.
- Luxemburg, Jan Van. Dkk. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia (Terjemahan Dick Hartoko).
- Mangunsuwito, S.A. 2010. *Kamus Lengkap Bahasa Jawa*. Bandung: CV Yrama Widya.
- Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Roselakarya.
- Najid, Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. University Press bekerja sama dengan Kreasi Media Promo.
- Noor, Rohinah M. 2011. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya: University Press.
- Nurdiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2013. *(Sastra Anak) Pengantar Pemahaman Dunia Anak*. Yogyakarta: University Press.
- Pramono, Made. Dkk. 2005. *Filsafat Ilmu (Kajian Ontologi, Epistemologi, dan Aksiologi Ilmu)*. Surabaya: UNESA University Press.
- Ratna, Nyoman Kutra. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sarumpaet, Riris K. Toha, 2010. *Pedoman Penelitian Sastra Anak*. Jakarta: Yayasan Obor.
- Semi, Atar. 1998. *Kritik Sastra*. Bandung: Angkasa.
- Sukada, Made. 1993. *Pembinaan Kritik Sastra Indonesia (Masalah Sistematis Analisis Struktur Fiksi)*. Surabaya: Angkasa Bandung.
- Sunarto, 2001. *Metode Penelitian Ilmu-ilmu Sosial dan Pendidikan*. Surabaya: University Press.
- Sumardjo, Jakob. 1994. *Masyarakat dan Sastra Indonesia*. Yogyakarta: Nur Cahaya.
- Teeuw, A. 2003. *Sastra dan Ilmu Sastra*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Tillman, Diane. 2004. *Pendidikan Nilai untuk Kaum Muda Dewasa (Terjemahan: Risa Pratono*. Jakarta: Grasindo.
- Tim. 1996. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Tim. 2000. *Kamus Bahasa Jawa (Busastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Wellek, Rene & Austin Warren. 1995. *Teori Kesusastraan (Terjemahan Melani Budianta)*. Jakarta: Gramedia.
- Widayati, Sri Wahyu. Dkk. 2008. *Ilmu Sosial Budaya Dasar*. Surabaya: Unesa University Press.